

# Anplwaye KOVID-19 Mizajou

Konpayi/Plas [Company/Facility]: \_\_\_\_\_

Kantite ka ki genyen nan konpayi a [# cases at this plant]: \_\_\_\_\_

Dat mizajou sa a [Date of this updat] \_\_\_\_\_

Non sant lokal ki bay tè la [Local health center]: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn sant sante ki bay tè la [Tele# of health center]: \_\_\_\_\_

KOVID-19 afekte anpil kominote nan Karolin di Nò, nasyonalman e toupatou nan lemond. Yo jwen ka ki konfime nan mitan moun ki ap travay isit la nan konpayi sa a. Sante w trè enpòtan pou nou. Nou fè kèk chanjman nan jan nou travay ak nan règleman nou yo pou diminye ris ekspozisyon w a viris la e pou w kenbe tèt ou an sante e an sekirite.

Konpayi nou an ap travay avèk ofisyèl sante ki nan eta a e ofisyèl sante ki lokal yo tou pou ede bay repons a ka sa yo rapidman nan bi pou diminye pwopagasyon viris la. Depatman sante oswa sant sante ka kontakte kòlèg travayè, mamb fanmi ak zanmi ki te gen kontak ak travayè ki te teste pozitif pou evalye si yo gen sentòm. Yo ka mande nenpòt moun ke yo jwen ki gen sentòm pou fè tè.

Sant sante ki mansyone anwo a fè evalyasyon medikal ak kontwòl e fè tè pou nenpòt travayè ke yo jwen ki gen sentòm KOVID-19 tankou **maltèt, gòj fè mal, fatig, tous oswa lafyèv**. Nenpòt moun ki gen **sentòm ki pi grav tankou souf kout oubyen ki pa kapab mache pou kont yo san asistans lòt moun** pral imedyatman evalye pa yon travayè medikal oswa y ap mennen l lopital nan sal ijans.

**Nou ankouraje w rete lakay ou e rele di ke w malad si w santi sentòm KOVID-19, menm si se pa gwo sentòm.** Li trè enpòtan pou nenpòt moun ki santi sentòm KOVID-19, menm se ti sentòm pti tankou maltèt ak gòj fè mal, pou rele sant sante ki anwo a oswa doktè l pou fè kontwòl ak evalyasyon medikal pou tè. Fè aksyon sa a ap ede limite dega viris la ka fè nan espas kote w ap travay la e ede tou limite kantite dega li ka fè nan kominote w. Si ou fè sa lè ou gen sentòm yo, ou ka anpeche viris la gaye nan mitan fanmi w ak nan kominote w. Ou ka sove tou la vi yon lòt moun ki petèt pi vilnerab pase w, tankou yon granmoun oswa yon moun ki gen yon maladi kwonik.

Yo ka voye travayè ki malad yo lakay yo oswa yo ka pa kite yo antre nan konpayi a oubyen yo ka pa kite yo monte nan machin konpayi a. Travayè ki gen sentòm, sitou sila yo ki teste pozitif pou KOVID-19 ankouraje izole tèt yo de lòt moun pandan ke yo y ap rekipere yo de viris la pou ke yo pa pwopaje l bay manm fanmi yo, kòlèg travay yo oswa lòt moun.

Si ou gen enkyetid konsènan jou ou pa al travay yo, tanpri kontakte sipèvizè w sou règleman nou yo ak pou w wè si ou pa kalifye pou yon seri de èd (tankou konje maladi). Kontakte konpayi asirans sante w, paske gen ladan ki pa mande pou moun peye pou fè tè oubyen pou fè tretman KCOVID-19. Si ou pa gen asirans sante, kontakte sant sante ki mansyone anwo a.

Fason ou ka pwoteje tèt ou kont viris la:

- Kenbe yon distans fizik omwen de 6 pye de lòt moun.
- Lave men w byen (omwen 20 segonn avèk savon ak dlo).
- Evite touche figi w avèk men w si men w pa lave.
- Touse oubyen etènye nan koud ponyèt ou oubyen nan yon moso twal. Pa touse nan men w pou w ka pwotoje tèt ou ak lòt moun kont mikwòb la. Pa itilize yon moso twal 2 fwa.
- Itilize mas oswa yon moso twal pou w kouvri toutotou nen w ak bouch ou lè ou bò kote lòt moun.

